



# Lakou Dèyè e Pi Lwen

## Journal la Nati

### Kisa ke ou bezwen:

- Papye pou paj journal lan (Sa se yon bon kote pou sèvi ak papye ou pa bezwen, tankou ansyen kaye!)
- Katon fen (tankou bwat sereyal) oubyen papye lou pou kapab fè kouvèti pou journal lan
- Sizo ak pèz trou
- Ti branch, elastik, fil, atach, etc. pou kapab kenbe journal lan ansanm
- Kreyon, makè, oubyen kreyon kolore

### Kisa pou fè:

1. Prepare paj journal lan. Mete trou sou kote papye yo, oubyen nenpòt ki kote ke ou ta renmen pou journal lan ouvri fèmen. Si ou pa gen pèz trou, ou kapab pliye pwent papye'w lan e koupe yon yi triyang oubyen yon si demi sèk kote ou pliye li. Lè ou depliye li, w'ap gen kote pou mete fil lan a travè. Fè an sòt ke ou aliyen twou yo youn ak lòt pandan w'ap fè sa. Fè menm bagay la pou kouvèti devan ak deyè a.
2. Sekirize paj yo ak kouvèti yo ansanm. Yon jan amizan pou kenbe journal la ansanm se pou sèvi ak ti moso bwa, ke ou kenbe an plas ak elastik (gade foto yo). Sèvi ak sa ki mache pi byen pou ou ak materyèl ke ou genyen nan men'w, tankou mare paj yo ansanm oubyen klipse paj yo ansanm.
3. Ale deyò pou kapab jwenn enspirasyon pou journal ou! Sèvi ak journal lan pou kapab ekri oubyen desine sa ou wè. Enpe ide pou kapab kòmanse: Rapòte tout sa ou wè pandan w'ap mache nan katye'w ou. Jwenn yon flè nan lakou'w e mezire li yon fwa pa semèn pou kapab wè ki wotè li grandi. Swiv diferan tip de bèt ki vizite lakou'w chak jou. Kijan ke w'ap ajoute nan journal la nati'w?

